

# DWA VIKTIM YO AK PWOSESIS JISTIS KRIMINÈL

AVI DWA LEGAL AK  
REPARASYON KI DISPONIB



## SÈVIS POLIS BOCA RATON

100 N.W. BOCA RATON BOULEVARD  
BOCA RATON, FLORIDA 33432

SÈVIS IJANS LAPOLIS  
(561) 368-6201

DEFANSÈ VIKTIM  
(561) 338-1317

**DEPATMAN SÈVIS POLIS BOCA RATON** rekonèt enpak domaj krim yo lakoz, genyen sou moun yo ak kominote nou an. Objektif ti liv sa a se pou bay enfòmasyon ki enpòtan sou dwa viktim yo, pwosesis jistis kriminèl la, ak sèvis ki angaje pou ede viktim krim yo.

**LEJISLASYON FLORID** rekonèt anpil moun inosan soufri aksidan oswa lanmò akòz zak kriminèl. Moun sa yo oswa depandan yo ka soufri andikap, ak difikilte finansye oswa vin depann ak asistans piblik. Lejislati a twouve gen yon bezwen anrapò ak èd gouvènmantal pou viktim nan zak kriminèl yo.

### **KONPANSASYON POU KRIM**

Si w blese fizikman akòz yon krim, ou ka kalifye pou ranbousman lajan w depanse pou swen medikal, travay ou w pèdi, ak ranbousman pou depans konsèy avoka atravè **BIWO POU AVOKA JENERAL, BIWO POU KONPANSASYON VIKTIM 1-800-226-6667**. Objektif pwogram nan se pou konpanse moun ki viktim inosan krim oswa fanmi yo ki jwenn blesi fizik oswa lanmò akòz konsekans dirèk yon krim. Fòm sa yo disponib nan lopital, depatman lapolis, Biwo Avoka Eta a, ak Sèvis Viktim yo.

**LWA 960 ETA FLORID LA** garanti dwa yon viktim, sa gen ladan fanmi ki pi pwòch yon viktim omisid, yo dwe enfòm yo, yo dwe prezan, epi yo dwe tande yo, lè sa nesèsè, nan tout etap enpòtan pwosedi kriminèl la, sa pa dwe entèfere ak dwa konstitisyonèl akize a (S.16 (b) Atik 1 Konstitisyon Eta a).

### **LWA 960 ETA FLORID LA**

Si w viktim yon krim ou gen dwa pou:

1. Yo enfòm w sou pwogram lokal asistans pou viktim yo
2. Yo enfòm w, prezante, epi tande w nan tout etap ki enpòtan nan pwosedi kriminèl oswa jistis minè, epi yo dwe enfòm w sou fason pou w patisipe nan pwosedi sa yo.
3. Yo enfòm w sou disponiblite nan Konpansasyon pou moun ki Viktim Krim yo
4. Yo pwoteje w kont entimidasyon
5. Soumèt yon deklarasyon sou domaj viktim yo sibi
6. Mande ak resevwa restitasyon nan men delenkan an
7. Yo avize w sou chanjman orè
8. Yo enfòm w sou pwogram konfidansyalite adrès yo pou moun ki viktim vyolans domestik ki administre atravè Biwo Pwokirè Jeneral la
9. Si yo mete viktim yo nan prizon, yo dwe enfòm yo dwa yo, epi soumèt deklarasyon yo alekri nan tout etap enpòtan anrapò ak pwosedi kriminèl, pwosedi libète pwovizwa, oswa pwosedi minè
10. Yon dispozisyon ki rapid e ki fèt nan bon moman depi sa pa entèfere ak dwa akize yo
11. Avoka leta avize w depi delenkan an sove nan prizon

12. Mande yon avoka defans pou l asiste premye depozisyon viktim lan
13. Yo avèti w davans, si l posib, liberasyon delekan an
14. Yo avize w lè yo te apwouve yon prizonnye pou travay kominotè (notifikasyon ki al jwenn viktim nan, paran oswa gadyen viktim nan si viktim nan se yon minè, gadyen legal, si viktim nan se yon minè, oswa fanmi pi pwòch viktim nan si l te jwenn lanmò)
15. Biwo Avoka Eta a ap konsilte espesyalman viktim ki enplike nan yon ka grav ak blesi fizik oswa chòk emosyonèl, yon ka kote viktim nan se yon minè, ak yon ka ki enplike yon omisid. Biwo Avoka Eta a pral konsilte viktim sa yo, gadyen legal yo, temwen yo, ak/oswa manm fanmi yo konsènan: liberasyon akize a, annatandan pwosedi jidisyèl, akò deklarasyon yo, patisipasyon nan pwogram libète pwovizwa, ak santans akize a.
16. Yo avize w de arestasyon akize a
17. Viktim yon krim ak Avoka Eta a, ansanm avèk konsantman viktim nan, gen dwa pou revandike dwa yon moun ki viktim krim, dapre lalwa oswa atik .16(b), art. 1 nan Konstitisyon Eta a
18. Nenpòt viktim, paran ak gadyen viktim nan si viktim nan se yon minè, oswa pwochen fanmi viktim nan, nan ka yon omisid gen dwa revize (sou demann) pòsyon nan nenpòt rapò investigasyon prezantasyon. Nenpòt moun ki revize rapò a dwe kenbe konfidansyalite ki nan rapò an. Pou plis detay, tanpri kontakte Biwo Avoka Eta a nan (561) 355-7170.
19. Mande, nan ka krim espesifik, yon ekzanpsyon ki entèdi piblikasyon enfòmasyon ki revele nimewo kay ou oswa nimewo telefòn travay ou, adrès kay ou ak travay ou, ak byen pèsonèl ki pa otreman konfidansyèl anba Lwa Dosye Piblik.
20. Yo dwe bay enfòmasyon konsènan dwa viktim nan pou mande pou otorize tribinal la, ak kèk eksepsyon, pandan temwayaj li sou yon ofans seksyèl, kèlkeswa laj viktim nan oswa kapasite mantal li.
21. Yo dwe bay enfòmasyon konsènan tès VIH nan nenpòt ka ki enplike transmisyon likid kòporèl ki soti de yon moun a yon lòt, sou demann viktim nan oswa gadyen legal viktim nan, oswa paran an oswa gadyen legal viktim nan si viktim nan se yon minè. Tribinal la ap bay lòd a moun sa a pou l al fè tès VIH . Anplis de sa, nan kèk ka, si viktim nan mande sa, viktim nan gen dwa pou li resevwa enfòmasyon sou rezilta tès la de semèn aprè l resevwa rezilta yo nan men trinibal la.
22. Dwa yon viktim kadejak ki poko gen 18 lane oswa ki yon granmoun ki enfim oubyen yon moun aje, pou mande tribinal la pou fè akize a fè tès VIH la menmsi ofans lan enplike transmisyon ak likid kòporèl. Si viktim nan mande sa, viktim nan gen dwa pou l resevwa enfòmasyon sou rezilta tès yo nan de semèn aprè l resevwa rezilta sa yo atravè tribinal la.

23. Lè se yon minè ki komèt zak lan, Depatman Jistis minè a ap detèmine si viktim nan, oswa nenpòt frè oswa sè viktim nan, ki frekante oswa kalifye pou frekante menm lekòl ak delenkan an. Si se konsa, ajans ki apwopriye a dwe avize paran/gadyen viktim nan dwa pou l ale nan sant/dispozisyon pou mande pou delekan an ale nan yon lòt lekòl.
24. **DWA VIKTIM NAN POU GEN YON AVOKA**  
Dwa viktim nan pou mande prezans yon avoka viktim pandan egzamen medikal la. Yon defansè ki sòti nan yon sant kriz kadejak sètifye ap gen pèmisyon pou patisipe nan nenpòt egzamen medikal legal.
25. **EGZAMINASYON DETEKTÈ MANSONJ**  
Okenn polisye, ni komisè gouvènman pa gen dwa mande viktim kadejak pou li pase nan detektè mansonj oswa lòt aparèy pou bay verite kòm yon kondisyon pou ankèt la.
26. **EGZAMEN EPATIT AK VIH**  
Dwa yon viktim oswa gadyen legal viktim nan, oswa paran an oswa gadyen legal yon viktim, si viktim nan se yon minè, pou mande yon moun ki akize a nenpòt ofans ki site nan seksyon 775.0877 (1) (a) - (n), Lwa Florid yo, ki enplike transmisyon likid kòporèl de yon moun a yon lòt, epatit ak tès VIH.
27. **ISi yo dyagnostike yon viktim ak otis oswa twoub newolojik ak devlopman, li menm, paran l oswa gadyen an gen dwa mande yon ajan sekirite piblik pou fè efò ak tout kè l pou asire yon pwofesyonèl konsène, tankou yon konseye sante mantal, pwofesè edikasyon espesyal oswa travayè sosyal klinik dwe la nan tout entèvyou yo. Tout depans ki gen rapò ak prezans pwofesyonèl la nan entèvyou yo se responsablite viktim lan, paran oswa gadyen an; sepandan, moun ki mande sèvis yo dwe ranbouse viktim lan tout depans ki gen rapò ak prezans pwofesyonèl la nan entèvyou yo, an plis ranbousman ak penalite lalwa prevwa**
28. Dwa yon viktim, si yo kontakte, pou jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak yon pwosedi kriminel pa yon avoka, investigatè, oswa nenpòt lòt ajan ki aji nan non akize kriminel la, pou yo enfòme sou (1) non moun nan ak patwon ak (2). ) lefèt ke moun sa a ap aji nan non akize a.

### **Lwa Marsy**

Atik I, Seksyon 16 nan Konstitisyon Florid la bay viktim krim yo dwa sa yo.

### **Ou gen dwa:**

- Pou resevwa pwosè vèbal jijman yo epi pou yo trete w ak jistis ak respè pou diyite w
- Pou w pa gen entimidasyon, asèlman ak abi
- Nan pwosesis jidisyè a, ou dwe gen pwoteksyon ki rezonab kont akize a
- Pou w gen sekirite ak byennèt ou menm ak fanmi ou lè w etabli kondisyon kosyon oswa anvan jijman ki ta afekte w oswa fanmi w

- Pou yo ka tande w nan nenpòt pwosedi piblik ki enplike nan kosyon oswa liberasyon anvan jijman an
- Pou anpeche divilgasyon enfòmasyon oswa dosye ki ta ka itilize pou lokalize w oswa anmède w oswa fanmi ou oswa ki ta ka divilge enfòmasyon konfidansyèl oswa privilejye sou ou.
- Pou pèmèt ou tounen lakay ou touswit depi w fin temwaye
- Pou restitasyon konplè ak lè sa nesesè nan chak ka e pou chak delenkan ki kondane pou krim nan pou tout pèt ou souffri, dirèkteman ak endirèkteman, kondwit kriminèl la lakòz la.
- Pou pwosedi san reta, ki pa rezonab ak yon konklizyon ki rapid epi ki fini nan ka a ak nenpòt sa ki gen rapò ak pwosesis jijman ki te fèt anvan an (Nan ka ki apwopriye, pwoskitè a ka depoze yon demann ak bon entansyon pou yon jijman rapid, ki pèmèt yo jije ka a nan swasant jou, si dwa akize a gen yon pwosesis ki regilye epi ki respekte ak avansman nan dat jijman an. Nan ka ki pa kapital yo, tout apèl nivo eta a, ak kondanasyon pwosedi ki fè anvan yo dwe ranpli nan de ane, epi ka kapital yo nan espas senk ane ... , sof si tribinal la bay yon lòd ak konklizyon espesifik konsènan poukisa tribinal la te kapab fè sa ak sikonstans yo ki lakòz reta a.)
- Pou yo enfòme w sou dwa sa yo epi chèche konsèy avoka konsènan dwa sa yo

**Epitou, sou demann espesifik ou a, ou gen dwa sa yo an plis:**

- Pou konnen nan yon tan rezonab, ki egzat, epi ki nesesè, epi pou prezan nan tout pwosedi piblik ki enplike kondwit kriminèl la sa gen ladan, men pa sèlman sa, jijman, deklarasyon, santans, oswa desizyon, menm si w se yon temwen nan pwosedi a.
- Pou konnen nan yon tan rezonab, ki egzat, epi ki nesesè tout liberasyon oswa evasyon akize a ak tout pwosedi kote youn nan dwa w yo antanke viktim nan ka enplike ladan.
- Pou konsilte ak komisè gouvènman an konsènan nenpòt akò deklarasyon, pwoblèm restitasyon, patisipasyon nan pwogram devyasyon oswa liberasyon anvan jijman an pa mwayen akize a ak santans oswa nenpòt lòt dispozisyon nan ka a.
- Pou bay enfòmasyon a nenpòt moun ki ap fè oswa konpile yon ankèt prevantiv konsènan enpak krim lan genyen sou ou menm oswa fanmi ou, epi pou tribinal la konsidere enfòmasyon sa yo. Yon fwa rapò a fin ranpli, ou gen dwa resevwa yon kopi eksepte pati ki konfidansyèl dapre lalwa.
- Pou enfòme w sou kondanasyon, santans, desizyon, oswa lòt dispozisyon yon delenkan ki kondane, dat liberasyon l, oswa dat li te sove nan prizon an.
- Pou yo enfòme w sou tout pwosesis pwosedi ki te fèt anvan kondanasyon an, bay enfòmasyon sou otorizasyon liberasyon pou yo dwe konsidere anvan liberasyon sa epi pou yo avèti yo de nenpòt

ki desizyon liberasyon konsènan delenkan an. Yo pwolonje dwa sa a pou tout moun delekan an blese.

- Pou enfòmè w sou nenpòt pwosedi klemans oswa gras konsènan delenkan an, enfòmè gouvènè a, tribinal la, nenpòt konsèy klemans, ak lòt otorite nan pwosedi sa yo, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa yo anvan yo pran yon desizyon klemans oswa gras, epi yo dwe avize l sou desizyon otorite sa a anvan yo lage delenkan an
- Yon viktim ki nan prizon gen dwa, sou demann, pou l enfòmè epi soumèt deklarasyon alekri nan tout etap pwosedi kriminèl ak jivenil la.
- Yon viktim gen dwa pou anplwaye yon avoka prive.

## **SISTÈM JISTIS KRIMINÈL LA**

Antanke viktim oswa temwen, wòl ou enpòtan. Si w te wè, tandè, konnen oswa fè eksperyans yon bagay ki enpòtan nan ankèt la nan ka a, tanpri rapòte nenpòt enfòmasyon bay ofisyè ki ap trete ka a. Lapolis kapab entèvyouve w pou idantifye atakan an, deklarasyon Pwosesis jistis kriminèl la kòmanse avèk krim lan. Gen kat fason yo ka kontinye yon ka :

1. Yo ka arete yon moun nan moman krim lan. Lapolis ranpli yon dokiman arestasyon ki deklare sa yo repwoche akize a. Si pa gen arestasyon ki fèt nan moman krim lan, lapolis ap envestige.
2. Si sa apwopriye, lapolis prezante yon plent sou sèman bay Biwo Avoka Eta a. Biwo Avoka Eta a detèmine si gen kòz pwobab pou kwè yon krim te komèt e sispèk la te komèt krim lan. Biwo Avoka Eta a ka depoze yon dokiman, ki rele yon “Enfòmasyon,” epi Grefye Tribinal la chaje sispèk la ak yon zak kriminèl. Si gen yon “Enfòmasyon” ki ranpli, Jij la atravè Grefye a nan Tribinal la ka voye yon manda arestasyon.
3. Daprè envestigasyon an, se Biwo Avoka Eta a ki prezante yon deklarasyon sou pwobabilite pou kòz la bay Jij la. Si yo jwenn koz ki pwobab, Jij la ka bay yon manda pou arestasyon. Ni manda damne a ni manda arestasyon bay lapolis dwa pou arete moun yo kwè ki te komèt krim lan.
4. Yo ka arete akize a ankò sou baz envestigasyon ak akizasyon Grand jiri a.
5. Si yo jwenn kòz pwobab, Biwo Avoka Eta a ka chwazi pou depoze akizasyon epi rele sispèk la nan tribinal. Ou ka oblije rankontre ak biwo Avoka Eta ou a. Lapolis, avoka lajistis oswa nenpòt lòt ofisyèl gouvènman pa kapab mande oswa egzije yon viktim yon ofans seksyèl soumèt nan yon egzamen poligraf oswa aparèy pou di verite kòm yon kondisyon ankèt la.

## **KONBYEN TAN JISKASKE YO FÈ YON ARESTASYON.**

Antanke yon viktim ou gen dwa pou yo avize w sou yon arestasyon. Chak ka ap kontinye yon fason diferan. Ajans aplikasyon lalwa ki fè arestasyon an ap fè w konnen arestasyon an. Kesyone temwen yo epi koleksyon prèv

la kapab yon pwosesis ki pran tan. Pa gen okenn seri tan ki defini. Si w ta renmen jwenn enfòmasyon sou ka ou a, rele (561) 338-1234. Tanpri bay NON DEFENDAN an ak nimewo KA a lè w rele.

## **DEPO OSWA KOSYON**

Depo oswa Kosyon se yon kantite lajan oswa yon pwopriyete akize a afiche pou liberasyon l pou asire akize a parèt nan tribinal la. Pou anpil krim, yo detèmine depo kosyon yo atravè tribinal yo, epi yo genyen nan yo yon lis kantite kosyon estanda. Jij la ka fikse Kantite kosyon an nan moman manda arestasyon an oswa manda konparisyon an. Tribinal la konsidere nati ofans lan, prèv, estati travay akize a, kondisyon mantal, lyen pou kominote a, ak kondanasyon anvan l mete kosyon. Nan krim ki mwen vyolan, akize a kapab otorize afiche kosyon an epi yo dwe lage l imedyatman. Nan rejyon Palm Beach la, gen yon politik “pa gen okenn kosyon” sou arestasyon nan zak vyolans domestik. Sispèk la dwe parèt nan yon odyans premye konparisyon (odyans majistra) epi yon Jij pral mete yon kantite kosyon ak kondisyon espesyal nan moman sa a.

## **KISA K AP PASE SI KA MWEN AN ENPLIKE YON MINÈ?**

Yo ka libere yon jenn (ki poko gen 18 an) ki akize de yon krim depi yo te arete l oswa yo te akize li avèk yon deli oswa yon krim ki pa vyolan, epi mete l sou resposablite paran/gadyen li. Jèn yo pa lage yo pral ale nan Sant Evalyasyon minè nan 1100 45th Street, West Palm Beach epi y ap avèti paran oswa gadyen legal la. Lè sa a, jèn nan pral transfere nan yon pwogram prevansyon delenkans oswa mete l nan depatman Jistis minè a.

## **ODISYON PREMYE KONPARISYON (ODISYON JIJ)**

Nan ven-kat (24) èdtan arestasyon an, akize a ka parèt devan yon Jij ki pou tandè l. Nan odisyon sa a, Jij la ap tabli kondisyon yo, si genyen, pou lage akize a nan prizon. Lè yon moun ki akize de yon krim gen rasin ase nan yon kominote asire moun nan ap retounen pou jijman, Jij la ka lage akize a sou/pwòp kosyon an pou tann pwosedi jidisyè yo. Sa vle di akize a pa gen pou afiche kosyon an. Kèk akize ka poste kosyon anvan odyans lan, selon kèk kondisyon. Viktim yo ak temwen yo pa oblije prezan nan odyans sa a, men w gen dwa ale ladan l, epi fè Jij la konsyan de santiman w sou liberasyon akize a si w vle fè sa. Odyans Majistra yo fèt chak maten. Si w vle pale ak komisè adjwen an, ou dwe pale ak asistan tribinal la oswa avoka/temwen viktim nan, nan biwo majistra a. Adjwen tribinal la pral, enfòmè avoka a ou prezan epi w vle fè yon deklarasyon. Li enpòtan w enfòmè tribinal la si akize a te menase w oswa fanmi ou nan nenpòt fason.

## **NOTIFIKASYON POU LIBERASYON AKIZE A**

Si akize a kapab afiche kosyon, li ka jwenn libète tout pandan l ap tann jijman. Ou menm, antanke yon viktim, ou gen dwa pou yo avize w de liberasyon akize a. Prizon an ka eseye kontakte w nan telefòn oswa nan lèt oswa ou ka rele prizon Palm Beach County a nan (561) 688-4340.

## **SEKIRITE PÈSONÈL VIKTIM/TEMWEN**

1. Sizoka ou resevwa menas, anmèdman, oswa lòt tantativ pou konvenk ou oswa entimide w pou temwaye yon move fason, oswa pou bliye sa, oswa pou w pa disponib antanke yon temwen, rapòte l imedyatman bay ajans lapolis lokal ou a.

2. Si w se viktim vyolans domestik (vyolans nan fanmi an) oswa vyolans repete (de ensidan), ou ka depoze yon enjonksyon pou pwoteksyon avèk Grefye Tribinal la, nan 200 West Atlantic Avenue, Delray Beach. Tanpri kontakte Grefye a nan (561) 274-1591 pou plis enfòmasyon. Moun ki viktim vyolans domestik kapab kontakte Inite ki ap jere kesyon Vyolans Domestik la nan (561) 274-1507 pou plis asistans. Epitou, ou ka kontakte ajans lapolis pou nenpòt enkyetid sou sekirite.

## **MIZ AN AKIZASYON**

Miz an akizasyon se premye konparisyon akize a nan tribinal la. Tribinal la pral enfòme akize a sou akizasyon ki sou do l, epi bay akize a dwa li, li chwazi yon avoka si sa nesesè, epi tandè pledwaye akize a. Konparisyon an fèt devan yon Jij pou enfòme akize a de sa yo repwoche li. Nan deklarasyon an, avoka a di akize a ki chaj yo akize l ak sanksyon pou enfraksyon an. Akize a ka plede koupab, e si se sa, Jij la ka enpoze yon santans nan moman sa a. Si w ta renmen yo pran santiman w an konsiderasyon, li enpòtan ou parèt nan odyans lan oswa pale ak Biwo Avoka Eta a.

## **MANDA KONPARISYON**

Ou ka resevwa yon manda pou sèten odyans ak jijman. Yon manda se yon lòd pou parèt nan tribinal nan lè ak dat ki endike a. Nimewo telefòn Lyezon pou Viktim / Temwen an pral nan manda a, epi w ap oblije rele l apre li resevwa. Nimewo telefòn ou (yo) pral pran alafen pou enfòme w sou chanjman nan dat tribinal la oswa estati ka a. Anpil ka pa ale nan jijman, ak Biwo Avoka Eta a ap fè pi byen si yo enfòme w nan chanjman ak si ou bay yo yon nimewo kontak. Yon viktim oswa fanmi ki pi pwòch yon victim lan pa ka eskli nan tout odyans lan, jijman, oswa pwosedi ki gen rapò ak enfraksyon an ki baze sèlman sou lefètke se moun sa a ki gen manda pou temwaye, sof si gen mosyon, tribinal la ap detèmine prezans moun sa a nwizib.

## **DEKLARASYON POU VIKTIM LAN**

Yon viktim ka depoze yon Deklarasyon Pou Viktim nan Biwo Pwokirè Eta a nenpòt ki lè anvan yo pwononse pèn sou akize a. Deklarasyon Viktim lan se yon deklarasyon alekri oswa oral ou bay ki dekri konsekans krim lan te genyen sou ou pèsonèlman ak pèt ou te soufri yo. Deklarasyon an enfòme tribinal la tou sou santiman w genyen konsènan ensidan an epi Biwo Pwokirè a pral egzamine l. Deklarasyon Viktim lan ka resevwa nan Biwo Pwokirè Eta a, Inite Defansè Viktim (561) 355-7100 oswa Pwogram DOVE (561) 355-7433. Resous sa yo ka ede w tou nan ranpli fòmilè a. Lè fòmilè a fin ranpli lè sa a, y ap mete l nan dosye tribinal la pou prezante bay Jij la pou konsiderasyon. Anplis, ou ka prezan nan tribinal la pou temwaye sou enpak krim lan te genyen sou ou.



## **RESTITISYON**

Kòm yon viktim, ou gen dwa mande ak resevwa restitisyon epi resevwa enfòmasyon sou fason pou ranfòse lòd tribinal la. Tribinal la bay akize a lòd pou l restitise viktim lan pou domaj oswa pèt ki koze dirèkteman oswa endirèkteman akòz enfraksyon an. Restitisyon kapab lajan oswa lòt. Biwo Pwokirè Eta a gen responsablite pou prezante bay tribinal la kantite lajan an dola ak atik yo dwe konsidere nan nenpòt odyans restitisyon. Pou rezon sa a, yo dwe ranpli fòmilè Deklarasyon Enpak Viktim lan e dokiman yo dwe remèt bay pwokirè eta ki jere ka a nan pi bon delè. Apre liberasyon prizonye a, nenpòt kesyon sou restitisyon dwe fèt nan Depatman Pwobasyon Eta a pou Koreksyon nan (561) 837-5175 (pou akizasyon kriminèl oswa nan (561) 683-6776 (pou chaj deli).

## **DWA POU DISPOZISYON TAN**

Kòm viktim, ou gen dwa pou yon dispozisyon rapid nan limit dwa sa a pa entèfere ak dwa akize yo.

## **AVI ANTISIPE SOU PWOSEDI JIDISYÈ**

Avi avanse bay yon viktim oswa manm fanmi yon viktim konsènan pwosedi jidisyè gen rapò ak: arestasyon akize a, liberasyon akize a annatant pwosedi jidisyè oswa modifikasyon nan kondisyon ki libere l yo, ak pou ka kii konsène minè, yo deziyen pwosedi sa yo. Notifikasyon an kapab fèt sèlman si viktim lan oswa fanmi yon viktim koupab bay ajans ki apwopriye yon adrès aktyèl, e ajans lan li menm gen ase enfòmasyon nan pwosedi jidisyè a oswa apre pwosedi jidisyè a. Anplis de sa, nenpòt enfòmasyon viktim nan te resevwa dapre F.S. 960, ki gen ladan fanmi viktim ki pi pwòch la, konsènan nenpòt ka minè tribinal la jere, yo pa dwe devwale l bay okenn pati deyò, eksepte si sa rezonab nan kad yon pouswit legal.

## **ENFÒMASYON POU PATWON AK KREYANSYE YO**

Nan demann ou an, ajans lokal lapolis ou ak / oswa Biwo Pwokirè Eta a ap enfòme patwon ou sou koperasyon ou nan investigasyon yo ak pouswit nan ka mande pou absans ou nan travay. Sou demann ou an, nou pral kontakte tou kreyansye w yo pou mande yo pwennvi yo siw pa kapab pou yon ti tan, yo ka kontinye peman kòm rezilta krim lan.

## **RESTITISYON PWOPRIYETE**

Kòm viktim nan krim, ou gen dwa restitisyon pwopriyete sof si gen yon nesessite irezistib pou konsève li. Si yo te vòlè pwopriyete a oswa lòt pwopriyete ou bezwen pwouve krim lan, li vin enpòtan kòm prèv. Gen kèk prèv / pwopriyete yo dwe voye nan laboratwa pou analiz. Li itil oswa pafwa nesèsè pou kenbe pwopriyete a jiska jijman. Sepandan, pwopriyete w la pral retounen pou ou san pèdi tan. Si w gen kesyon konsènan divilgasyon pwopriyete w la, rele ajans lapolis la oswa Biwo Pwokirè Eta a.

## **SOVE NAN PRIZON**

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon konsènan evazyon delenkan an nan yon enstitisyon koreksyonèl leta, prizon, etablisman minè, oswa etablisman angajman envolontè. Biwo Pwokirè Eta a ap fè tout efò pou avize viktim lan, temwen materyèl, oswa fanmi yon viktim omisid nan chape prizonye a.

## **PREZANS AVOKA VIKTIM LAN**

Sou demann viktim lan, yo pral pèmèt yon avoka viktim asiste epi prezan pandan nenpòt ki dekouvèt depozisyon viktim lan. Viktim yo ak temwen ki pa nan prizon pa dwe mande pou yo asiste entèwogatwa a nan nenpòt etablisman koreksyonèl.

## **ENFÒMASYON SOU SÈVIS ASISTANS VIKTIM**

Enfòmasyon yo pral disponib pou viktim yo ak temwen yo sou lòt asistans tankou transpò, pakin, estasyon, ak sèvis tradiktè yo dwe itilize lè yo nan tribinal. Kontakte ajans lapolis ou ak / oswa Biwo Pwokirè Eta a pou enfòmasyon.

## **KISA KI PWOCHEN ETAP LA?**

Enfòmasyon sou dewoulman dosye w la apre premye konparisyon w yo disponib nan Biwo Pwokirè Eta a. Ou ka resevwa avi nan divès kalite odyans ki pral rive pandan pwosesis kriminèl la. Ou ta dwe toujou kontakte Biwo Pwokirè Eta a pou resevwa asistans adisyonèl pou ka w la.

Nou remèsye w davans pou pasyans ou, asistans, ak koperasyon w nan ankèt sou krim sa a.

Gen plizyè ajans nan kominote a ki disponib pou bay plis asistans. Enpe nan ajans sa yo nan lis ki anba a.

## RESOUS SIPLEMANTÈ YO

Èd Pou Viktim Vyolans Domestik . . . . .	(561) 265-2900
Alkolik Anonim . . . . .	(561) 276-4581
Al-Anon . . . . .	(561) 278-3481
Depatman Sèvis Polis Boca Raton . . . . .	(561) 338-1234
Defansè Viktim Boca Raton. . . . .	(561) 338-1317
Espesyalis Krim Minè Boca Raton . . . . .	(561) 338-1386
Sant Sèvis pou Fanmi . . . . .	(800) 404-7960
Grefye Tribinal la. . . . .	(561) 274-1591
Pwogram Pou Lite Kont SIDA . . . . .	(561) 687-3400
Pwosedè Depatman an (PRIDE) . . . . .	(561) 683-6776
Covenant House (jiska 18 ane) . . . . .	(954) 561-5559
Crisiline (Liy Disponib 24/24). (561) 930-1234	oswa 211
Depatman Rejis Vyolans	
Sou Timoun ak Fanmi. . . . .	(800) 96-ABI
Depatman Timoun ak Fanmi yo . . . . .	(561) 279-1600
Sant Dick Webber	
(pou prevansyon abi sou timoun) . . . . .	(561) 586-4996
Fondasyon Kont Abi Dwòg . . . . .	(561) 278-0000
Gadyen Ad Litem . . . . .	(561) 355-2773
Sant Ayisyen pou Sèvis Fanmi . . . . .	(561) 366-8003
Enfòmasyon sou prizon . . . . .	(561) 688-4340
LAIRO (Òganizasyon Imigran & Refijye Latino-Ameriken) . . . . .	(561) 966-4515
Èd Legal. . . . .	(800) 403-9353
MADD (Manman Kont Chofè Tafyatè) . . . . .	(800) 804-6233
Biwo Deklasyon pou Viktim	
nan Palm Beach. . . . .	(561) 688-4340
Biwo Sèvis Jidisyè nan Palm Beach . . . . .	(561) 355-2760
Restitasyon (Krim). . . . .	(561) 837-5175
Restitasyon (Deli) . . . . .	(561) 683-6776
Sant pou Paran . . . . .	(561) 844-3531
Lame Sekou. . . . .	(561) 391-1344
Biwo Avoka Leta / Asistans pou	
Viktim-Temwen . . . . .	(561) 355-7100
Biwo Avoka Eta a / Pwogram DOVE	
(Eliminasyon Vyolans Domestik) . . . . .	(561) 355-7433
Depatman Sèvis Pwobasyon Eta a (DOC). (561) 837-5175	
Konpansasyon pou Viktim Kriminèl. . . . .	(800) 226-6667
Sèvis Liy Dirèk Pou Viktim. . . . .	(561) 833-7273
Sèvis Pou Viktim	
(Central - West Palm Beach). . . . .	(561) 355-2418
Sèvis Pou Viktim	
(South - Delray Beach). . . . .	(561) 274-1500
VINE (Enfòmasyon Pou Viktim / Deklarasyon Chak jou). . . . .	(877) 727-6846
Biwo Sèvis Jèn yo. . . . .	(561) 233-0300
YWCA Fwaye Amoni . . . . .	(561) 640-0050



**[BOCAPOLICE.COM](http://BOCAPOLICE.COM)**